

## **MENGETI HARI IBU**

**22 Desember 24**

### **I. DHANDANGGULA**

1. Puluhan tahun kang wus kawuri  
akeh ingkang wus padha uninga  
wolulikur tumanggale  
Oktober sasi iku  
sewu sangang atus kang warsi  
wolulikur punjulnya  
titi wanci iku  
aneng bumi Nuswantara  
dumadine sejarah ingkang wigati  
yeku Sumpah Pemuda
2. Duk nalik semana kapyarsi  
lagu Indonesia Raya nama  
kasil denkumandhangake  
anggugah gregetipun  
pra ibu kang mangka pangarsi  
myang pakumpulanira  
pra wanita iku  
timbul kretek kang utama  
manunggalake neng wadhah kang mandhiri  
mligi kanggo wanita
3. Awit rikala iku sayekti  
pakumpulane para wanita  
makasih dadi perangane  
myang kumpulane iku  
pra pemudha iku kaeksi  
mulane darbe angkah  
pangarsane iku  
arsa ndhapuk pakumpulan  
mligi wanita amrih bisa mandhiri  
sadrajad lan pra priya
4. Nora kendhat nggonira ambudi  
tutunggulira para wanita  
nggone padha menggalihke  
mrih kasembadan tuhu  
pakumpulan iku sayekti  
ngadeg kanthi sembada  
lahir batin iku  
mangka kumpulan wanita  
bisa dadi organisasi mandhiri  
sang sinom sru kiprahnya

## II. SINOM

1. Yekti aneng saterusnya awit saka drenging ati para wanita pejawang kamardikan bangsa neki gembleng tekadireki golang-gilig wus sarembug arsa ngadani kridha konggres mligi para putri kanthi greded murih bisa kaleksanan
2. Neng kutha Ngayogyakarta bisa kalakon kaeksi katitimangsa ing tanggal kang kaping rolikur nganti tanggal selawe nenggih Desember sasine iku Sanglas wolulikur Prastawa gati dumadi Yeku kongres wanita kang sepisanan
3. Sawijining kaputusan akaryaorganisasi federasi wujudira kang satuhu amandhiri kanthi tinengeran nami dadi kawentar ing mbesuk Prikatan Pakumpulan Perempuan ingkang mligi Wanita Indonesia iku sanyata
4. Kalawan ugi ingaran PPPI Kang wewangi iku kang tuhu minangka srana kanggo pangiketing gregeting juwang neki para wanita sadarum bebarengan lan priya amarsudi myang undhaking harkat lan martabat bangsa Indonesia
5. Aneng tahun kang lumakya sewu sangang atus luwih sangalikur iku nyata PPPI kang wewangi Namanira ginanti Kanglumrah iku sinebut Yaiku Perikatan Perkumpulan Istri mligi Indonesia PPPI yen cinekak
6. Aneng sajeroning warsa sewu sangang atus neki luwih telung puluh lima pan satuhu denadani konggres wanita kadwi dene mapane puniku aneng kutha Jakarta ing kngres iku sayekti ngasilake kaputusan kang prayoga
7. Kaputusan kang sepisan nggawe Badan onggres nenggih Perempuan Indonesia sarta netepake yekti jejibahan utami laras lan kodrate iku wanita Indonesia kanggo pakurmataneki minangka ibu bangsa Indonesia
8. Kang ndarbeni jejibahan cumithake generasi kang satuhu wicaksana sarta landhep olah pikir mulang muruk tan keri dimene ta eling iku marang kandeling rasa rumesep ing sanubari rasaning rasa kabangsan Indonesia

9. Kongres kang kaping telunya  
iku yekti denadani  
Perempuan Indnesia  
ngepasi ana ing warси  
etungane Masehi  
tahun sewu sangang atus  
telu wolu punjulnya  
aneng Bandung mapaneki  
nandhesake Lamun ing Desember candra
10. Ping rolikur tumanggalnya  
wus padha densarujuki  
minangka dina manjila  
Hari Ibu denarani  
Kang tansah denpengeti,  
Sabéen tahun datan luntur  
ing sakteruse nulyo  
iku dikukuhake kanthi  
Layang pikukuh Presiden Indonesia
11. Nomer tlung atus nembelas  
dene ta tahunireki  
siji sanga lima sanga  
ing bab dina kang wigati  
ri nasional neki  
nanging dudu dina libur  
apan uwis kalakyan  
minangka ari wigati  
den eling denpengeti nganti samangkye
12. Sewu sangang atus mplampah  
papat nenem pan sayekti  
PPPI salin nama  
Konggres Wanita anami  
Indonesia puniki  
KOWANI cekakanipun,  
nganti wektu samangkye  
kadulu kiprahnya maksih  
laras kalawan kamajuwaning jaman
13. Kadadeyan kang tumingal  
ing tanggal rolikur neki  
sasi Desember sanyata  
ana ing wektu samangkin  
iku sayekti dadi  
mangka pancadan satuhu  
sejarah perjuwangan  
Kesatuan kang sayekti  
Pergerakan Perempuan Indonesia
14. HARI IBU dening bangsa  
Indonesia denpengeti  
tuhu ora mung minangka  
mligi kanggo angurmati  
myang lelabuhaneki  
wanita minangka ibu  
ananging iku uga  
minangka pangaji-aji  
amocung jasane putri Indonesia

### III. POCUNG

1. Yen dinulu, mangka pakurmataneku mring para wanita ing sawutuhe sayekti minangka garwa saera warganegara
2. Maliheku, uga myang kiprahnya iku Lan uga minangka warga masyarakat neki tanapi abdining Gusti Kang Ma Kwasa
3. Kridhaneku, minangka pejuwang tuhu Gayute kalawan angrebut sarta angisi Kamardikan trus pambangunaning bangsa
4. Jroning kalbu amengeti HARI IBU iku darbe ancas minangka suka pepeling tumrap sagunging kawula Indonesia
5. Luwih perlu, generasi mudhaneku yeku myang maknanya HARI IBU iku yekti hari kebangkitan sarta uga kesatuan
6. Maknaneku, uga persatuan tuhu myang perjuwangannya para wanita puniki iku perangan kang tan bisa pinisah
7. Iya iku, saka gung kiprahireku perjuwangan bangsa sayekti iku wigati winarisan myang gregeting perjuwangan
8. Gunaneku, kanggo ngandelake kalbu tekad kang utama neruske perjwangan neki nuju masyarakat adil makmur nyata
9. Dhasareku, UUD pat lima tuhu uga Pancasila loro-lorone wigati dimen gelis kasembadan kang sinedya
10. Gregetipun, ya perjuwangane iku pra kaum wanita Indonesia sayekti Komot aneng lambang hari ibu nyata
11. Iya iku, mlathi lan kudhupe tuhu minangka gambaran tresna lan asih kodrati ing antarane ibu kalawan putra
12. Liyaneku, iya ta ingkang awujud kasucion uga antarane ibu yekti sarta pangrbanane putra sanyata
13. Iku wujud, iyeku kamitran tuhu lan sakdrajad uga ingkang perlu denwujudi ana ing sajroning urip tembayatan
14. Nora kantun, ana ing sajrone kalbu nggone anindakna marang jejibahaneki lelumban aneng madyaning masyarakat
15. Wajib iku, anglakoni kanthi tuhu kiprahing myang bangsa sarta uga myang negari dimen wutuh maju damai Indonesia

#### **IV. KINANTHI**

1. Kalihlikur tanggalipun  
dene sasine ngepasi  
ing Desember dhumawahnya  
tahune ingkang Lumaris  
sewu sangang atus nyata  
wolulikur amunjuli
2. Dahat ing wigatinipun  
kridha kang Lagya Lumaris  
ing Kutha Ngayogyakarta  
Konggres Wanita dumadi  
nenggih ingkang kapisanan  
perjuwangane pra putri
3. Kabeh wus padha sarujuk  
pra wanita kang ngestreni  
ana ing kongres kapisan  
gumolong-gilig ing ati  
kang arsa andhapuk sigra  
swijining Organisasi
4. Kang mligi wargane iku  
amung kanggo para putri  
kang minangka kanggo waduh  
perjuwangane pra putri  
marang hak-hake wanita  
mardikaning bangsa ugi
5. Organisasine iku  
kanggo pra wanita mligi  
pan satuhu tinengeran  
akanthi namanireki  
Perikatan Perkumulan  
Putri Indonesia neki
6. Ingkang kalumrah sinebut  
kanthi nami PPPI  
iku minangka sarana  
ingkang kanggo pangiketing  
klawan greget perjuwangan  
tan mungkur saka njro ati

#### **V. GAMBUH**

Sekar gambuh kang katur  
mangka tandha pangajimring ibu  
perjuangane tan entheng yen kaeksi,  
nggulowenthah marang sunu,  
mrih dadya janma kinot.

Ing tanggal ping rolifikur  
ngepasi Desember wulanipun,  
pra warga Indonesi-a ing saknagri,  
sami amengeti tuhu,  
hari ibu datan lowok.

Mangga sami nyenyuwun,  
konjuk ngarsaning Gusti Hyang Agung,  
mugi-mugi tansah kersa amaringi,  
bekah lan nugrahani-Pun  
mring Para ibu sayektos

## VI. PANGKUR

1. Sekar pangkur kang kinarya amahargya ri kang dahat wigati kadadayan kang kapungkur tumraping bangsa kita kongres pra wanita Indonesia tuhu neng kutha Ngayogyakarta kalakon kanthi prayogi
2. Wolulikur pasing tanggal angleresi Desember kang sutengsi tahun sewu sangang atus wolulikur wewahnya para wanita Indonesia kadulu kumpul aneng Kutha Yogyakarta ngadani kongres sayekti
3. Golong-gilig tekadira pra wanita kang padha angstreni ing kongres wanita iku wus gembleng tekadira arsa ndhapuk organisasi satuhu mangka wadhah perjuwangan mligi kanggo para putri
4. Klakon gegayuhanira ndhapuk organisasi kang mligi wargane putri sadarum anulya ingaranan prikatan perkumpulan wanita tuhu kanggo ngranggeh gegayuhan myang hak-hake para putri
5. Ananging uga berjuwang tembayatan lan pra pejuwang priya mad-sinamadan sadarum kupiya mbudidaya nundhung penjajah
6. Sempulur nganti samangkya Organisasi pra wanita neki kongres kang kaloro tuhu ngasilake putusan ndhapuk Badan Kongres Perempuan iku sarta suka pakurmatan mring para ibu sayekti
7. Kang minangka ibu bangsa sesanggeman datan gampang sayekti tumrap pra wanita tuhu kang wajib katindakna dumadine generasi kang pinunjul pinter sarta wicaksana andhap asor luhur budi
8. Mulang muruk tan kalepyan tata krama sarta budi pekerti dimen eling jroning kalbu ngolah lanheping rasa miyang rasa kabangsan kang wajib rinabuk amrih subur jroning nala tresna mring bangsa lan nagri

## VII. ASMARADANA

1. Aneng Desember sutengsi  
kalihilikur tanggalira  
iku dahat wigatine  
tumrap bangsa Indonesia  
den emut saben warsa  
amengeti para Ibu  
myang kiprahyo duk semono
2. Kala negari puniki  
dereng antuk kamardikan  
dahat sru budidayane  
katinggal mad-sinamadan  
kalawan para priya  
datan kawon kridhanipun  
lamun ta katandhing priya
3. Amburdi murih gampanging  
nggennya sami sesambutan  
pra wanita iku mangke  
ngancagake pirembagan  
pra wanita mupakat  
lan ugi sami sarujuk  
angadani pepanggihan
4. Dina tanggal lan sutengsi  
sigra kadamel rancangan  
saha tinetepken age  
tuhu wus gembleng tekadnya  
rolikur tanggalira  
dumugi selawe tuhu  
sasi Desember turningga
5. Kutha Yogyakarta kang pimilih  
iku mimangka nggo ajang  
amapan parepatane  
para wanita pejuwang  
ngrembag mawarna-warna  
gayut klawan kridhanipun  
ngudi mardikaning bangsa
6. Swiji putusan dumadi  
ing parepatan punika  
ndhapuk organisasine  
mligi kanggo pra wanita  
mangka wadhahing kridha  
para wanita punika  
ngranggeh gagayuhanira

## VIII. MIJIL

1. Laras lan pepenginaning ati satuhu kalakon domadose organisasine PPPI punika anami Wadhahe pra putri Mrih jumbuh ginayuh
2. Arane kang PPPI punika sayektos Perikatan Perkumpulan kuwe Perempuan Indonesia neki wadhahe pra putri berjuang satuhu
3. Perjuwangane orang mung mligi kalamun tinoton ra mung nggayuh komardikane nanging gayutane myang kodrati tumrap para putri klawan uga ibu
4. Minangka ibu punika wajib nggulawenthah yektos dhateng pra putra katurunane murih bisa dadi generarasi wicaksana ugi olah pikir unggul
5. Awit mangke pra mudha puniki kang kedah anggantos para sepuh ingkang sampun lungse kang mila sampun wancinireki nglintirake yekti mring pra mudhanipun
6. Ing pangajab mrih lumampah becik kalamun katinon sūmambunge myang generasine saking para wredha kang wis lingsir mring pra mudha yekti lumaksana mulus

## IX. DURMA

1. Duk semana para wanita mupakat padha arsa ngadani kongres pra wanita ing kutha Yogyakarta wektu kang den sarujuki dina lan tanggal wus dipunrembag sami
2. Angepasi ping rolikur tumanggalnya tekan selawe yekti dene wulanira satuhu wus rinancang Desember iku ngepasi de warsanira sanglas wolulikur nggih
3. Kridhanira para wanita semana tuhu ngedab-edabi yekti tan kasoran kalamun amakarya lan para priya puniki cukat trengginas datan anguciwani
4. Saliyane berjuang nggayuh mardika Indonesia puniki Pra wanita nyata Ndarbeni jejibahan Kang tuhu dahat wigati Minangka biyang Nggulawenthah mring siwi
5. Datan entheng jejibahan kang den sandhang 6. para ibu kaeksi leladi kluwarga nggulawenthah myang putra wiwit byar tumeka ratri datanpa kendhat eklas dipun lampahi Dumdose generasi kang jempolan saking astaning wibi kang siyaga nggantya para wredha utama ingkang yuswanya wus lingsir tan bisa selak kedah dipun lampahi
7. Pramilane aywa sira padha lirwa urmat lan ngaji aji klawan bekti setya marang ngarsaning biyang lamun sira padha wani mring ibunira nampa benduning gusti
8. Aneng wekdal kang dahat sae punika kang tansah denpengeti ajeg saben warsa iku mangka panglimbang tekan sepira sayekti sira tumindak setya bekti mring wibi

# MENGETI HARI IBU KAPING 96

B a w a

: Sekar Tengahan Kenya Kediri Slendro Sanga

Keparenga kula matur ngarsanipun,  
Para rawuh kakung putri,  
Mangga sareng mahargya tingalanipun,  
Kalah likur Desember nuju ri-lbu,  
Mangga sami sesarengan hanyenyuwun,

Jinememan

: Organisasi Wanita,  
Hari Ibu den pengeti,

Nggenira labet labuh,  
Cinaket Hyang Maha Suci.

Ompak-ompak

: Para kadang ayo bebarengan nembang,  
Urip susah poma aja sangga uwang,  
Hayo nyadhong mring Gusti sarta tumandang,  
Amrih padhang dilipur sarana nembang.

## Kinanthi Subakastawa :

1. Mula buka Hari Ibu,  
Kumpulane para putri;  
Organisasi Wanita,  
Sa-Indonesia Negari,  
Mapan wonten Yogyakarta,  
Memayu harjaning Nagri.
2. Siji sanga loro wolu, (1928)  
Rilikur Desember nguni,  
**Sangang dasa** enim warsa,  
Ngrungkebi Ibu Pertiwi,  
mBudi mulyaning Negara,  
Kang pantes tinulad sami.
3. Kula ndika kaum Ibu,  
Duta kusumaning nagri,  
Nglenggana mring kewajiban,  
Den labuhi tohing pati,  
Gumregah saeka praya,  
Nindakken wajib lan bekti.
4. Indonesia para Ibu,  
Wanita ingkang sejati,  
Among, asih, asuh, asah,  
Dadiya titah utami,  
Terus maju tindakira,  
Mbangun Bangsa lan Negari.

## RANGU – RANGU

Para kadang samya eling  
Marang lelabuhan pra ibu puniki,  
Runa klawan ratri datan kari  
Leladi myang negari  
Bu pertiwi.

Gusti ingkang Maha Suci  
Mugi amaring nugraha sayekti  
Mring para rawuh ratri puniki  
Sutresna Jemuah Legi  
Lumeber ing kulawargi  
Tan kapiji.

**PANGKUR PANUTUP GELAR MACAPAT JUMUAH LEGEN  
ING KEMANTREN UMBULHARJO**

1. Purnaning gelar macapat,  
Jemuah Legen wanci detuneki  
Mangga enggal enggal dipuntutup,  
Kanthi ngonjukken puja,  
Puji sokur konjuk ngarsaning Hyang Agung,  
Mangga kondur sowang-sowang,  
Mring wisma paringing gusti .
2. Nyuwun gunging pangaksama ,  
mring ngarsaning pra rawuh kakung putri  
solah bawa kang tan sarju,  
lan sisiping wacana,  
mangga sesarengan sami anyenyuwun,  
ing Ngarsa dalem Pangeran,  
mugi winantu basuki,
3. Tinebihna ing rubeda,  
bidhalipun saking papan punika,  
mugi Gusti Maha Agung,  
peparing pengayoman,  
dhateng amba saha andika sadarum,  
wilujeng dumugi wisma,  
pinaggih myang kulawargi